



Mbootaay ngir yokkute làkku
Wolof ci Réewu lisaam bu
Muritani (APROLAWORIM)



Mbootaay dekkal Pulaar ci
(FBPM) ci réewu lisaam bu
Muritani (ARPRIM)



Mbootaay Muritani ngir
yokkute làkkak Aada ak
cosaanu (AMPLCS)

Tabbub ñi bokk ci ndiisoo réew mi ci njàng

Lëkkaleb mbootaayi aadak cosaan am na mbeteel bi mu deggee ñi bokk ci ndiisoo réew mi ci njàng, ndax kenn toogalukafa.

Ganaaw copite yu bare aki ñàkk ndam, yaakaar nanu ni , jot na ngir Muritani jublu ci njàng mu sukkandiku ci làkki réew mi, rawatina ci njàng mu lalu mi, li tax nu am ci yaakaar di :

- Jeemant bu am ndam ci ati 80, bi daaray làkki réew mi defoon.
- Juboo bi am ci àdina bi, ci biir boroom xalara yi ci wàllu njàng (xaralab xel, xaralab njàng) ñepp juboo ni làkk bi nga nàmp mooy caabi njàng mu am njëriñ.

Waaye itam ca 2018 ba leegi, ay màndarga joge nañu ci njiit yu kawé yi ci nguur gi jëm ci duggalaat sunuy lakki réew yepp ci njàng mi. Ci màndarga yooyu man nanu ci wax :

- Dogu bi njiitu réew mi wone ci kàmpaañu woteb njiiteb réew mi ;
- Matukaay yi èttu ndawi réew mi jël ngir di tekki ci làkki réew mi, te di gëna jëflanteek mbootaayi làkki réew mi ngir jëmmal dogal boobu ;
- Daje bi amoon digante jawriŋ gi yore njàng mi ci réew mi, ci feewiriyee 2020, ak lëkkaleb mbootaayi aadaak cosaan ci réew mi, ñu joxoon ka ab lay bi ñu def, te ñu wax ko seen bëgg – bëgg ci bokk ci ndiisoo réew mi ci njàng ;
- Amalub mbootaayu ndawi réew mi ngir aar làkki réew mi ;
- Waxi jawriŋ gi yore njàng mi ci xew – xewu ndorteb mbootaay googu, 10 fan ci weeru septambar 2020 mu ni ci, njàngaleb làkki réew mi bokk na ci bunt yi ëpp solo ci copite bi ñuy indi ci njàng mi ;
- Duggalub njàngum làkki réew mi yepp ca ENAJM, ak jokkoo bu am njëriñ ak mbootaayi aadak cosaan ci réew mi.

Yii yepp tax na, nu yaakaar ni duggal mbootaayi aadak cosaan yi ci réew, mi ci kureel gii nar taxawal politiku njàng ci réew mi, lu war la. Nuy xelal ni, ñu indi ay defaraat ci fànn woowu.

Ndax mbootaay yi du nu rekk, ñi jëkk taxaw ci njàngu làkki réew mi, waaye berab la bu boroom xarala yi ci njàng moomu daje.

NKTT 28 feewiriyee 2021

Lëkkaleb mbootaayi làkki réew mi